

BWAT ZOUTI RESOUS POU FANMI KI GEN TIMOUN KI GEN ANDIKAP

Depatman Edikasyon Etazini (U.S. Department of Education, USED) bay yon [fèy enfòmasyon](#) ki klarifye lekòl yo dwe kontinye bay elèv ki gen andikap edikasyon piblik gratis epi ki apwopriye (free and appropriate public education, FAPE) pandan y ap pwoteje sante ak sekirite timoun, edikatè ak founisè sèvis yo. Nan sikonstans espesyal sa a, y ap bay sèvis edikasyon espesyal yo yon fason diferan pa rapò ak jan sa konn fèt lè lekòl yo ouvè epi ap fonksyone totalman. Sèvis edikasyon espesyal a distans yo dwe kòmanse imedyatman. Ou pa bezwen bay konsantman w pou sèvis a distans yo kòmanse. Ou dwe resevwa yon plan konsènan fason lekòl la ap bay sèvis a distans yo.

Dokiman sa a ba ou kèk resous ak zouti ou ka twouve epi w ap resevwa tout nouvo enfòmasyon regilyèman.

RESOUS POU COVID-19:

Anpil ajans eta ak òganizasyon nasyonal ap bay enfòmasyon ak resous pou ede paran yo ak pitit yo pandan peryòd long lekòl fèmen sa a.

Si ou gen kesyon, pwoblèm oswa ou bezwen plis enfòmasyon, ou kapab kontakte:

- Ekip IEP /kontak ou a (toujou kontakte distri w la dabò)
- Komite Konsiltatif Paran pou Edikasyon Espesyal ou a (Special Education Parent Advisory Council, SEPAC)
- Nimewo telefòn pou enfòmasyon ak èd:
 - Federasyon Timoun Ki Gen Bezwen Espesyal (Federation for Children with Special Needs, FCSN):
 - Imel: info@fcsn.org
Fòm Admisyon sou Entènèt: <https://fcsn.org/ptic/call-center/call-center-intake-form/>
Sitwèb: www.FCSN.org
 - Nimewo gratis: (800) 331-0688
 - Chinwa: (617) 399 8358
 - Kreyòl Ayisyen: (617) 399 8366
 - Pòtigè: (617) 399 8316
 - Panyòl: (617) 399 8330
 - Defansè Timoun nan Massachusetts (Massachusetts Advocates for Children, MAC):
 - Sitwèb: www.massadvocates.org
 - Anglè: (617) 357-8431, ekstansyon 3224
 - Panyòl: (617) 357-8431, ekstansyon 3237
 - Nimewo Telefòn Èd Kominotè pou Timoun ki Gen Bezwen Sante Espesyal Depatman Sante Piblik (Department of Public Health, DPH) (800) 882-1435

Ajans Eta Massachusetts yo mete enfòmasyon yo ak resous yo ajou souvan:

- Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè: <http://www.doe.mass.edu/covid19/>
- Depatman Edikasyon ak Swen pou Timoun Piti: <https://www.mass.gov/lists/early-childhood-education-resources-for-families> ak https://eeced.lead.force.com/apex/EEC_ChildCareEmergencyFAQParents

- Depatman Sante Piblik, Entèvansyon Rapid: <https://www.mass.gov/alerts/ei-telehealth#undefined>
- Depatman Sante Piblik, Divizyon Timoun ak Jèn ki Gen Bezwen Sante Espesyal: <https://www.mass.gov/orgs/division-for-children-youth-with-special-health-needs>
- Depatman Sante Mantal: <https://www.mass.gov/info-details/covid-19-information-about-dmh-programs-and-services>
- Depatman Sèvis Devlopmanal: <https://www.mass.gov/lists/coronavirus-resources-for-dds-families-and-individuals> ak <https://www.mass.gov/lists/resources-for-individuals-at-home>
- Komisyon Massachusetts pou Soudè ak Moun ki Tande Di: <https://www.mass.gov/orgs/massachusetts-commission-for-the-deaf-and-hard-of-hearing>
- Komisyon Massachusetts pou Avèg: <https://www.mass.gov/lists/covid-19-resources-for-the-mcb-community>
- Komisyon Reyabilitasyon Massachusetts: <https://www.mass.gov/service-details/coronavirus-updates-from-mrc>
- **Depatman Timoun ak Fanmi Massachusetts:**
 - Dènye Nouvèl DCF konsènan COVID-19: <https://www.mass.gov/info-details/DCF-covid-19-resources-and-support>;
 - Sant Resous Familyal: <https://www.fcma.org/>

ÈD POU FANMI:

Nou nan yon moman ki pote anpil estrès. Li enpòtan pou ou pran swen tèt ou epi pou w mande èd lè sa nesèsè. Anpil ajans ap bay fanmi resous ak èd pandan kriz COVID-19 la.

- [Pwogram Èd pou Paran](#) yo ofri nan Home for Little Wanderers la ofri èd ak diskisyon an gwoup pou fanmi ki ap jere timoun ki gen bezwen konpòtmantal ak bezwen sante mantal espesyal.
- Akademi Pedyatrik Ameriken mete yon [konsiltasyon pou paran ki ap fè fas ak estrès pa rapò ak COVID-19 la](#) pou pran swen tèt yo pou kont yo, pou kontakte lòt moun pou jwenn èd.
- [Family Aid Boston](#) ofri resous pou fanmi ki enkyete pou yo pa vin sanzabri oswa ki ap fè eksperyans lan.
- [Child Mind Institute](#) ofri konsiltasyon nan telefòn, apèl videyo ak lòt resous pou fanmi k ap fè fas ak estrès pa rapò ak COVID-19 la.
- Paran k ap ede Paran: <https://www.parentshelpingparents.org/>.
- Liy Dirèk Estrès pou Paran 24 sou 24 (PSL) nan plizyè lang epi konfidansyèl ak anonim 1-800-632-8188.

Liy Dirèk:

Vyolans Domestik: Si ou menm oswa yon moun ou konnen nan karantèn nan yo kay epi li pa santi li an sekirite, gen èd disponib.

- **Safe Link se yon liy moun pale plizyè lang ki louvri 24 sou 24.** Reprezantan yo ka ede ak planifikasyon pou sekirite, epi pou jwenn resous pou abri, gwoup sipò vyolans domestik, ak anpil lòt bezwen.
 - Li Dirèk pou kriz Safe Link 24 sou 24: **(877) 785-2020; TTY: (877) 521-2601**
- **Liy Vyolans Domestik Nasyonal la** ap ofri èd ak planifikasyon pou sekirite 24 sou 24. Rele **1-800-799-7233** pou sipò an dirèk. Si w pa ka pale san danje, ou ka konekte sou thehotline.org pou tchat ak yon moun oswa voye tèks LOVEIS bay **22522**

Abi sou Timoun: Tanpri rele imedyatman si ou konnen, oswa ou sispèk y ap abize oswa neglije yon timoun.

- Pandan lè biwo nou louvri nòmalman (8:45 a.m.-5 p.m. lendi jiska vandredi) rele [Biwo Depatman Fanmi ak Timoun \(DCF\) nan zòn ki sèvi vil oswa vilaj](#) timoun nan ap viv la.
- Pandan lanuit, wikenn, ak jou ferye rele Liy Dirèk pou Timoun an Risk la nan [\(800\) 792-5200](#).

PA GEN ENTÈNÈT NAN KAY LA?

- Comcast ap ofri inisyativ pou ede fanmi yo jwenn aksè entènèt. [Jwenn plis enfòmasyon sou òf sa a nan Comcast.](#)
- Nan Boston, Majistra a pataje enfòmasyon ak resous sou [fason pou konekte sou entènèt ak pou gen aksè a resous teknoloji.](#)
- [Vroom](#) ofri, konsèy sou aprantisaj ki fasil pou itilize pou timoun ki gen mwens pase 5 lane, dirèkteman sou telefòn ou telefòn ou chak jou.
- Gen anpil pwogram disponib pou ofri konsèy ak resous pou fanmi ki aksepte aprantisaj pa mesaj tèks (Tarif pou mesaj ak done aplikab) epi aplikasyon sou telefòn selilè ou.

APRANTISAJ SIPLEMANTÈ PANDAN LEKOL LA FÈMEN AN:

Gen anpil mwayen enfòmèl pou kenbe pitit ou a enplike nan aprantisaj anplis devwa ranfòsman lekòl la. Lè ou gen dout, li, li, li! Lektè se youn nan aktivite pi enpòtan ki kore aprantisaj jeneral. Gen yon varyete jwèt edikatif sou entènèt tou. Tout sa ki ka fè pitit ou a enplike l, ki estimile kiryoziye yo, epi fè yo dekouvri nouvo bagay ap enpòtan.

- [Ini pou Kapasite Lektè](#) bay aksè dijital gratis a liv imaj, ak yon varyete tèks fiksyon ak tèks ki bay enfòmasyon, pou elèv li. Gen yon opsyon pou rakonte tèks la tou. Gen yon opsyon pou rakonte tèks la tou.
- [Bwat Zouti Sant Nasyonal pou Amelyore Kapasite Lektè](#) a ede fanmi yo konprann epi pratike kapasite lekti ki rekòmande yo.
- [Sant Èd Teknik pou Timoun Pitit \(Early Childhood Technical Assistance Center, ECTA\)](#) bay enfòmasyon ak aktivite pou fanmi ki gen timoun piti.
- [Modèl an Piramid lan](#), k ap fè pwomosyon pou kapasite emosyonèl sosyal timoun piti ak jenn timoun, devlope yon [lis liv](#) pou ede timoun konprann epi devlope kapasite emosyonèl sosyal.
- [Heggerty](#): Aktivite pou travay sou kapasite lekti debaz. Sa yo se pi yo pou laj 4–6 lane.
- [Senaryo sou Entènèt](#) ak [Epic](#): Koute bon kalite tèks pou timoun y ap li a wot vwa epi wè ilustrasyon yo.
- [Jwèt ak aktivite](#) pou aprann li bonè Sant Rechèch sou Lektè Florida a: fason pou enprime epi pou jwe ansanm.
- [Liv a repetisyon](#) dijital: tip liv sa a rekòmande pou pratik lekti pou timoun ki toujou ap aprann pwononse epi li mo senp.

ÒGANIZASYON:

Kenbe yon woutin konsistan enpòtan pou timoun yo ka santi yo estab lè lekòl fèmen.

- Defini yon woutin ak yon orè kotidyen. Asire w ou mete tan pou poz. DESE rekòmande 3 ½ a 4 èdtan aprantisaj pa semèn, ki gen ladan ni enstriksyon endepandan ni enstriksyon a distans.
- Itilize yon kalandriye oswa yon ajennda pou kontwole aktivite kotidyen yo. Anpil timoun ki gen andikap, espesyalman sa ki pi piti yo, reponn byen a pwogram vizyèl ki itilize imaj pou kontwole pwochen aktivite.
- Pou elèv ki bezwen plis èd pou rete konsantre, ou kapab itilize yon kontarebou vizyèl sou entènèt.
- Limite distraksyon yo epi ranje yon espas kalm pou pitit ou a travay.

- Rekonpanse pitit ou a pou tan li fè ap travay oswa poutèt li fini fè travay yo. Itilize aktivite li renmen pou rekonpanse l.

ÈD POU LESON:

Lekòl yo ap bay devwa pou elèv fè lakay yo pandan lekòl la fèmen. Ou kapab oryante pitit ou nan devwa yo pou ou ede l nan aprantisaj la.

- Pou ede pitit ou a prepare l pou aprantisaj la, ou ka di l rezon ki fè travay la enpòtan, sa li pral aprann epi ki aktivite l ap gen pou l fè.
- Avan leson an, etabli konesans debaz ak vokabilè a. Chache mo ak sijè ou panse ki ka difisil pou pitit ou a. Itilize liv, desen, videyo, Google, oswa lòt resous pou ede pitit ou a konprann mo ak sijè sa yo avan li kòmanse ak travay la.
- Li enstriksyon yo ansanm ak pitit ou a. Mande l pou l repete enstriksyon yo pou w asire w li konprann ki sa l gen pou l fè.
- Travay sou premye devwa oswa pwoblèm nan ansanm. Apre sa, obsève pitit ou a k ap fè pwochen devwa a poukont li pou w asire w li konprann enstriksyon yo.
- Oryante pitit ou a nan travay la lè sa nesese. Pase verifeye yon lè konsa pou w asire w l ap fè travay la byen.
- Si pitit ou a bezwen èd, ba li ide ki kapab ede l rezoud pwoblèm nan. Pa eseye ba l repons yo oswa pa fè travay la pou li.
- Pèmèt pitit ou a travay ak yon zanmi nan telefòn oswa sou apèl videyo.
- Ede pitit ou a rete konsantrè etan w ap varye tan l ap pase ap li, ekri, bouje, gade, koute ak pale.

LÒT RESOUS POU TIMOUN KI GEN ANDIKAP:

RESOUS POU EDIKASYON ESPESYAL POU TIMOUN PITI (EARLY CHILDHOOD SPECIAL EDUCATION, ECSE):

- Divizyon Timoun Piti: <https://www.dec-sped.org/ei-ecse-resources-covid-19>
- Modèl an Piramid
 - Ede Timoun yo ak Fanmi yo Sipòte – Resous Konsènan COVID-19: <https://challengingbehavior.cbcs.usf.edu/emergency/index.html>
 - Twous pou ede fanmi yo jere konpòtman difisil: <https://challengingbehavior.cbcs.usf.edu/Implementation/family.html#collapse2>

RESOUS POU ECSE JISKA LAJ ADILT:

- Federasyon Timoun ki Gen Bezwen Espesyal (Federation for Children with Special Needs, FCSN) – yo mete sit la ajou chak jou: <https://fcsn.org>
- Arc of Massachusetts –
 - Seri Wèbinè Seminè Ebdomadè sou Entènèt: <https://thearcofmass.org/post/the-arcs-covid-19-updates-the-arc-launches-weekly-webinar-series>
 - Rete Kalm epi Konekte: <https://thearcofmass.org/post/the-arcs-covid-19-updates-staying-calm-and-connected>
- Sant Asirans pou Otis an rapò ak Analiz Konpòtmantal Aplike ak Covid-19: <https://disability-info.s3.amazonaws.com/AIRC/pdf/COVID-19-Fact-Sheet.pdf>
- Pearson Connection Academy: <https://www.pearson.com/news-and-research/working-learning-online-during-pandemic.html>

- Ede Moun ki Gen Otis nan Moman Ensèten: 7 estrateji èd pou reponn bezwen moun ki gen ASD pandan kriz COVID la: <https://afirm.fpg.unc.edu/supporting-individuals-autism-through-uncertain-times>
- Asosyasyon Nasyonal Fanmi, Fanmi, Lekòl ak Angajman Kominotè (National Association for Family, School and Community Engagement, NAFSCE): <https://nafsce.org/general/custom.asp?page=coronavirus>
- Fòmasyon sou Edikasyon a Distans pou Paran Konsènan Otis: <https://health.ucdavis.edu/mindinstitute/centers/cedd/adept.html>
- Resous Asosyasyon Edikatè Elèv ki Gen Andikap Vizyèl Massachusetts (Massachusetts Association of Massachusetts Educators of Students with Visual Impairments, AMESVI) pou Fanmi ak Elèv: <http://amesvi.org/Home/family-and-student-resources>
- Family TIES of Massachusetts/Pwogram èd Paran a Paran an konekte paran ki ap fè fas ak menm difikilte pou elve pitit yo ki gen bezwen espesyal: <https://www.massfamilyties.org/parent-to-parent-program>
- Konsèy pou Ede Timoun yo Kontinye Aprann - https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/prepare/children.html?deliveryName=USCDC_2067-DM23558
- Kesyon yo poze souvan konsènan Asosyasyon Nasyonal Paran Pwofesè (Teacher's Association, PTA) ak konsèy pou edikatè, enfòmasyon sou Èd Emosyonèl Sosyal, Aprantisaj Adomisil ak Pratik pou Rete an Sante: www.pta.org/COVID-19
- Defansè Dwa sou Lasante: <https://www.healthlawadvocates.org/> asistans legal ak defans dwa.

ÈD TEKNOLOJIK POU ANDIKAPE:

Pitit ou a kapab itilize èd teknolojik pou andikape (assistive technology, AT). Ou kapab kontak te pwofesè pitit ou a ak founisè sèvis konsènan a pou konnen ki teknoloji k ap pi bon pou itilize lakay.

- Sant pou Teknoloji ak Andikap la ofri yon Videyo [Entwodiksyon nan Teknoloji Èd pou Andikap](#) ki prezante sijè konsèp debaz pou itilize teknoloji èd pou andikap pou elèv ki gen andikap.
- CAST devlope yon paj wèb [Aprantisaj a Distans](#). Li bay resous ak enfòmasyon konsènan AT a.
- Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè (Department of Elementary and Secondary Education, DESE) bay enfòmasyon ak resous konsènan [Teknoloji Èd pou Andikap ak Aksesiblite](#) fanmi yo ka twouve itil.
- Sant Nasyonal pou Avèg la devlope yon dokiman sou kesyon yo poze souvan, [Repons Kesyon Ou yo](#), pou ede moun ki avèg epi ki pa wè byen.
- CaptionSync bay enfòmasyon pou ede ou [ajoute pwòp fichye soutit ou sou YouTube](#).
- Ou kapab kontakte [Bibliyotèk Materyèl Enstriksyon Aksesib \(Accessible Instructions Materials Library \(AIM Library\)\)](#) pa mwayen Pwofesè Andikap Vizyèl (Teacher of the Visual Impaired, TVI) pitit ou a pou jwenn resous ki disponib yo.

ZOUTI POU RESPONSAB LEGAL YO:

Fanmi yo kapab bay tèt yo pwoblèm konsènan sa ki ap rive si yo tonbe malad epi yo pa kapab pran swen pitit yo ki gen andikap. Gen resous disponib pou eksplike fason lopital yo dyagnostike epi trete pasyan ansanm ak fason fanmi yo kapab transfere responsablite gadyen yo bay yon manm fanmi oswa yon zanmi yo fè konfyans.

- Lopital yo ka te devlope pwosesis pou travay avèk fanmi yo pou gade si yo bezwen èd epi pou ede idantifye yon lòt gadyen nan moman y ap antre lopital la.
 - Ou dwe enfòmè doktè w la, oswa pèsònèl lopital la w ap pran swen yon timoun ki gen andikap, ou ka bezwen pran yon desizyon konsènan transfè responsablite gadyen.
 - Li enpòtan pou ou konnen timoun fanmi yo lopital pou COVID posib pou yo gen COVID tou

- Konsidere gadyen ki an sante, epi ki pa rete menm kote ak manm fanmi ki ka gen risk elve
- Zouti planifikasyon pou gadyen ki ta ka vin malad
 - Plan Preparasyon Familyal pou Fanmi Imigran, ki gen ladan l tradiksyon panyòl ak pòtigè: <https://www.masslegalservices.org/content/family-preparedness-packets>.
- Deklarasyon sou Sèman Gadyen an: yon zouti planifikasyon pou paran transfere responsablite gadyen
<https://www.mass.gov/files/documents/2016/08/ul/caregiverauthorizationaffidavitform.pdf>.

Nou konnen nou menm, paran, fanmi, ak responsab legal yo, nou gen anpil pwoblèm n ap jere tankou travay epi pran swen fanmi ou. Nou kapab sèlman sigjere ou fè tout sa ou kapab pou ou bay tèt ou yon poz. Bon ak tèt ou epi pran swen sante fizik ak sante emosyonèl fanmi ou.

Pou tout dènnye enfòmasyon nan lis sa a, tanpri voye yon imel nan specialeducation@doe.mass.edu